

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kecap éféktivitas kudu dipaké dina komunikasi lisan jeung tulisan. Kecap éféktivitas téh asalna tina basa asing (*Inggris*) “*effective*” anu hartina manjur, mujarab, bisa mawa hasil tur boga hasil guna.

Pikeun pangajaran di sakola kecap éféktivitas boga harti digunakeunana média pangajaran anu mujarab pikeun mawa hasil anu luyu jeung kurikulum. Ari média asalna tina basa Latin *médius* anu hartina ‘tengah’, ‘perantara’ atawa ‘panganteur’ (Arsyad, 2002: 3). Sedengkeun anu dimaksud média pangajaran nya éta komponén sumber diajar atawa wangun fisik anu ngandung matéri instruksional di lingkungan siswa anu bisa méré rangsangan ka siswa pikeun diajar (Arsyad, 2002: 4).

Guru salaku pendidik diperedih pikeun bisa nepikeun matéri ku cara leuwih narik ati sangkan motivasi siswa ngaronjat, antukna siswa bisa leuwih paham kana matéri anu diajarkeun. Salah sahiji tarékah pikeun ngungkulan ieu hal nya éta ku cara ngagunakeun *instructional video* salaku média pangajaran.

Média pangajaran *instructional video* téh loba wandana, tapi dina ieu panalungtikan mah média anu digunakeunna téh nya éta média *movie maker*. Média *movie maker* téh nya éta média audio-visual anu nyoko éfék visual. Fungsi utama ieu program nya éta pikeun ngolah data digital kana cuplikan – cuplikan film, upamana nambahkeun animasi, éfék visual atawa rédaksi singget anu dipatalikeun jeung film anu rék diatur.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Ieu média téh dilarapkeun dina pangajaran nulis hususna dina nulis warta. Kaparigelan nulis (*writing skill*) kaasup kana opat kaparigelan basa anu kudu dicangking ku siswa disagédéngkeun ngaregepkeun (*listening skill*), maca (*reading skill*), jeung nyarita (*speaking skill*).

Di antara opat kaparigelan, kaparigelan nulis (*writing skill*) kaasup kana kaparigelan panghéséna ku sabab aktivitas nulis mangrupa wangun maniféstasi kamampuh jeung kaparigelan basa anu pamungkas nu kudu dikawasa ku siswa sanggeus kamampuh ngaregepkeun, nyarita jeung maca (Nurgiantoro, 2009: 298).

Kamampuh nulis hésé dikawasa sabab kudu ngawasa heula unsur kabahasaan séjénna pikeun jadi eusi karangan. Unsur basa jeung unsur eusi téh kudu diadumaniskeun sangkan ngahasilkeun karangan anu sistematis.

Modal nulis kudu dirojong ku motivasi jeung sumanget anu gedé. Motivasi nya éta sagala daya anu ngarojong hiji jalma pikeun ngalakonan hiji hal. Ieu hal luyu jeung pamadegan N. Nasution dina Tim MKDU UPI *Perkembangan Peserta Didik* (2000: 76) anu nétélakeun yén fungsi motivasi téh pikeun ngarojong hiji jalma dina nyieun hiji hal, nangtukeun arah jeung tujuan anu baris dihontalna.

Salaku guru, diperlukeun kaparigelan pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa nalika diajar nulis, sanajan ieu hal téh kawilang hésé. Ku kituna, diperlukeun usaha dina ngokolakeun situasi pangajaran di kelas sangkan motivasi siswa dina diajar nulis téh ngaronjat.

Kondisi pangajaran nulis di lingkungan sakola téh kurang, ku kituna kudu aya stimulus sangkan siswa tur guru resep nulis. Upama rék ngaronjatkeun

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

kamampuh nulis, guru ogé kudu ngaronjatkeun kamampuhna dina nulis. Ieu hal pikeun ngajembarkeun élmu tur pangaweruh pikeun modal nalika ngajar.

Dina pangajaran basa Sunda di sakola, nulis mangrupa kaparigelan basa anu ngawengku sababaraha kompetensi dasar. Salah sahijina kompetensi dasar nulis warta. Ieu hal kaunggel dina pedoman pengembangan KTSP 2006 mata pelajaran Basa Sunda, nya éta pangajaran nulis warta di tingkat SMP/ MTS kelas IX.

Sacara étimologis, warta asal kecapna tina basa sanskerta nya éta 'vrit' atawa dina basa Inggris mah 'write' anu hartina 'aya' atawa 'kajadian'. Sacara harfiah, warta téh nya éta laporan ngeunaan fakta-fakta anyar tur bener sarta penting pikeun dipublikasikeun ka balaréa anu dipedar ngaliwatan média saperti koran, TV, radio. Cindekna, warta téh nya éta informasi ngeunaan hiji hal anu baris dipikanyaho ku balaréa. Ku kituna, dina nulis warta téh kudu luyu jeung patokan nulis warta téa diantarana 5W+1H (*what, when, where, who, why* jeung *how*). Ieu hal pikeun méré gambaran ka anu maca atawa anu ngaregepkeun warta ngeunaan hiji hal sajéntré-jéntréna.

Nalika di lapangan, siswa téh loba nu teu acan bisa nulis warta ku sabab siswa kurang paham kana naon ari warta téh tur kumaha cara nulis warta téh. Ieu hal luyu jeung kaayaan kamampuh siswa di kelas IX E SMP negeri 1 Manonjaya. Bangbaluhna nya éta siswa kurang bisa ngébréhkeun eusi dumasar kana 5W+1H anu mangrupa patokan dina nulis warta. Faktor séjénna disagédéngun masalah pangaweruh nya éta masalah motivasi. Nalika diajar basa Sunda, motivasi siswa téh kurang. Ku kituna, diperlukeun média anu bisa ngahudang motivasi siswa

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

nalika diajar basa Sunda hususna dina nulis warta. Conto éta média téh nya éta média *movie maker*.

Ku digunakeunana média *movie maker* dina pangajaran nulis warta, dipiharep bisa ngaronjatkeun motivasi anu antukna bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis warta.

Geus kaitung réa panalungtikan dina wangun skripsi anu medar ngeunaan média dina pangajaran. Panalungtikan anu medar ngeunaan média di antarana skripsi beunang Evi Nurmayatini (2007) anu judulna “*Media Audio Visual pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Penelitian Tindakan Kelas ka Siswa Kelas XI B1 RSBI SMA Pasundan 1 Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*”, kacindekanana nya éta: ningkatna kamampuh nulis carpon siswa kelas XI SMA Pasundan 1 Bandung sabada ngagunakeun média audio visual. Luxaz Priansyah (2007) nalungtik ngeunaan “*Éféktivitas Média Komik pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Maca Pamahaman Dongéng (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung Taun Ajaran 2010-2011)*”, hasil panalungtikanna nya eta: aya béda anu signifikan dina kamampuh maca pamahaman siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média komik. Média komik bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa kelas X-2 SMA Pasundan 8 Bandung dina maca pamahaman dongéng. Mega Rahayu (2007) “*Évéktivitas Média Majalah Dingding (Mading) dina Pangajaran Nulis Biografi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X Multimedia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung Taun Ajaran 2010/2011)*” hasil panalungtikanna nya éta: hasil diajar nulis biografi siswa kelas X Multimedia-1 SMK Pasundan 3 Kota Bandung

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

saméméh ngagunakeun média majalah dingding (mading) téh kurang nyugemakeun, sabada ngagunakeun média majalah dingding téh jadi ngaronjat tibatan hasil tes awal.

Sedengkeun “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Warta (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya*) tepi ka danget ieu can aya anu nalungtik.

Ku sabab can aya nu nalungtik ngeunaan média *movie maker*, panalungtik miboga pamadegan yén ieu média téh bisa mangaruhan kana kamampuh diajar siswa hususna dina nulis warta.

Ku kituna, ieu panalungtikan dilaksanakeun di kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya. Anu dipaluruh tina ieu panalungtikan téh nya éta hasil nulis warta. Média *movie maker* salaku stimulus sangkan siswa boga motivasi diajar anu gedé dina pangajaran basa Sunda hususna dina pangajaran nulis warta.

Luyu jeung pasualan-pasualan di luhur, ieu panalungtikan dijudulan “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Warta (*Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya*).”

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Masalah anu baris dipedar dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh nulis siswa, tapi diwatesanan nya éta lebah kamampuh nulis warta siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1.2.2. Rumusan Masalah

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha hasil diajar siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya dina nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*?
- 2) Naha aya béda anu signifikan dina hasil diajar siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya dina nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*?
- 3) Kumaha éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngungkulan pasualan atawa kahéngkérangan dina widang atikan jeung pangajaran hususna dina pangajaran nulis warta di kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya.

1.3.2. Tujuan Husus

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya dina nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker* ?
- 2) signifikansi kamampuh nulis warta siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

- 3) éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya.

1.4. Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun:

- 1) méré pangaweruh ngeunaan nulis warta ngagunakeun média *movie maker*;
- 2) ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan tarékah ngaronjatkeun kaparigelan nulis warta; jeung
- 3) méré tatapakan pikeun panalungtik-panalungtik séjénna anu baris nalungtik ngeunaan nulis warta.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan mibanda sababaraha mangpaat praktis, di antarana:

- 1) pikeun panulis, sangkan ngaronjatkeun kamampuh dina ngararancang sarta ngalaksanakeun pangajaran di kelas ngaliwatan nangtukeun média anu inovatif saperti média *movie maker* dina medar matéri pangajaran;
- 2) pikeun siswa, salaku upaya ngaronjatkeun motivasi diajar siswa nalika diajar basa Sunda antukna bisa ngaronjatkeun hasil diajar siswa séwang-séwangan; jeung
- 3) pikeun guru, dipiharep bisa ngaronjatkeun pangaweruh tur kaparigelan dina nangtukeun modél jeung média pangajaran anu saluyu jeung kaayaan di lapangan sarta pikeun méré motivasi kalawan inovatif dina ngajarkeun basa

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Sunda ka siswa tingkat SMP/ MTS sangkan siswa bisa narik ati tur onjoy nalika diajar basa Sunda.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) kamampuh nulis warta kudu dipiboga ku siswa sangkan bisa diajar ngébréhkeun eusi haté, pikiran, ide dina wangun tulisan; jeung
- 2) digunakeunana média *movie maker* dina pangajaran bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis warta. Luyu jeung pamadegan Hamalik dina Arsyad (2002: 15) digunakeunana média pangajaran dina prosés diajar bisa ngaronjatkeun kahayang jeung minat anu anyar, ngaronjatkeun motivasi jeung rangsangan kagiatan diajar, sarta bisa mangaruhan kana aspék psikologis siswa. Hartina, guru nalika nangtukeun média pangajaran kudu bisa disaluyukeun jeung kondisi siswa tur lingkungan sakola pikeun mangaruhan minat siswa diajar di kelas.

1.6 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

Méthode nya éta prosedur atawa cara pikeun mikanyaho hiji hal anu miboga léngkah-léngkah sistematis (Masyhuri jeung Zainuddin, 2008: 151). Unggal pangaweruh miboga méthode séwang-séwangan dumasar kana pasualanana. Méthodé anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kuasi ékspérimén.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Métodé kuasi ékspérimén (*quasi eksperimental research*) disebut ogé panalungtikan semu. Hartina ieu panalungtikan téh néangan hubungan sabab akibat. Nurutkeun Sukardi (dina Syamsuddin, 2006: 23) jenis panalungtikan ieu loba dilarapkeun dina widang atikan atawa widang séjén anu subjék panalungtikanana nya éta manusa anu teu bisa dimanipulasi tur dikontrol sacara inténsif.

Cindekna, panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén dipiharep bisa mikanyaho tingkatan kamampuh nulis warta siswa tina hasil diajar ngagunakeun média *movie maker*

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, nya éta pratés jeung pascatés. Pratés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun média *movie maker* sedengkeun pascatés dilaksanakeun pikeun ngukur kaparigelan nulis warta siswa sanggeus ngagunakeun média *movie maker*.

Data anu geus dicangking, diolah ngaliwatan cara méré peunteun, ngasupkeun peunteun tés awal jeung tés ahir, tur nganalisis data pikeun nguji hipotésis ku cara ngagunakeun (1) uji normalitas data; (2) uji homogénitas; (3) uji hipotésis; jeung (4) uji gain.

1.7 Wangenan Istilah

Pikeun nganalisis data, perlu diécéskeun heula sababaraha istilah anu patali jeung ieu panalungtikan. Éta istilah téh ngawengku média *movie maker* jeung pangajaran nulis warta.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

1) Éféktivitas

Kecap éféktivitas dipaké dina komunikasi lisan jeung tulisan. Kecap éféktivitas téh asalna tina basa asing (*Inggris*) “*effective*” anu hartina manjur, mujarab, bisa mawa hasil tur boga hasil guna. Éféktivitas dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho hasil guna tina média *movie maker*.

2) Média *Movie Maker*

Média *movie maker* téh nya éta *aplikasi editing video* anu miboga kaunggulan dina éfék jeung transisi *video* sangkan bisa nyiptakeun *video* anu ngirut. *Movie maker* dina ieu panalungtikan nya éta salaku média pangajaran.

3) Pangajaran Nulis Warta

Pangajaran mangrupa prosés komunikasi transaksional anu sifatna *feed back*, boh antara guru jeung siswa, atawa antara siswa jeung siswa pikeun ngahontal tujuan anu geus ditangtukeun (Tim Pengembang MKDU Kurikulum dan Pembelajaran, 2008: 93).

Nulis mangrupa kagiatan produktif tur aktif pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pola pikir, kahayang ku cara nuliskeun lambang-lambang atawa barang jieun aksara atawa angka.

Warta téh nya éta laporan ngeunaan fakta-fakta anyar tur bener sarta penting pikeun dipublikasikeun ka balaréa anu dipedar ngaliwatan média saperti koran, TV, radio.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

1.8 Hipotésis Panalungtikan

Anu jadi hipotésis dina ieu panalungtikan sakumaha ieu di handap.

1) Hipotésis gawé (H_A) :

“ Aya béda anu signifikan antara hasil tés nulis warta siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.”

2) Hipotésis nol (H_0):

“ Teu aya béda anu signifikan antara hasil tés nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média *movie maker*.”

1.9 Raraga Tulisan

Eusi skripsi téh aya lima Bab. Dina Bab I dipedar kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar, métode panalungtikan, wangenan istilah, hipotésis panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina Bab II dipedar ngeunaan média *movie maker* jeung pangajaran nulis warta. Dina Bab III dipedar métodologi panalungtikan anu ngawengku desain panalungtikan, variabel panalungtikan jeung wangenan operasional, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data. Dina Bab IV dipedar éféktivitas média *movie maker* dina pangajaran nulis warta siswa kelas IX E SMP Negeri 1 Manonjaya tur nguji hipotésis anu dirumuskeun dina Bab I. Dina Bab V dipedar kacindekan jeung saran.

Fandi Purnama, 2012

Efektivitas Media Movi Maker Dina Pangajaran Nulis Warta

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu